

# Dhemit Nguntal Dhuwit

## Panganggit

Agus Pramono | Aming Aminoedin | Agustav Triono  
Denis Hilmawati | H.M. Sastrodikromo | Julia Daniel Kotan  
Rini Tri Puspohardini | Sus S Hardjono | Sudarmono | Ely Widayati

## Kurator

Heru Mugiarso



**Dhemit Nguntal Dhuwit**

--Yogyakarta: LeutikaPrio, 2018

viii + 84 hlm.; 13 × 19 cm

Cetakan Pertama, Juli 2018

Penulis : Agus Pramono, Aminoedin Aming, dkk.

Kurator : Heru Mugiarso

Pemerhati Aksara : Mash

Desain Sampul : Anwar

Tata Letak : Aziz A Rifai

Jl. Wiratama No. 50,  
Tegalrejo, Yogyakarta, 55244

Telp. (0274) 625088

[www.leutikaprio.com](http://www.leutikaprio.com)

email: leutikaprio@hotmail.com

Hak cipta dilindungi oleh undang-undang.

Dilarang memperbanyak sebagian atau seluruh isi buku ini  
tanpa izin dari penerbit.

ISBN 978-602-371-606-7

Dicetak oleh Penerbit LeutikaPrio

Isi di luar tanggung jawab penerbit & percetakan.

## Atur Pambagya

Kurang luwih wus limang taun umure gerakan Puisi Menolak Korupsi . Gerakan moral migunakake media sastra sing tak gagas bebarengan adimas Sosiawan Leak (penyair lan dramawan saka Solo) iku wus lumaku nganti adoh parane. Programe awujud kegiatan kang maneka warna. Puisi Tolak Korupsi wis ngrambah 6 nganti meh 7 jilid buku nganggo tema sing gayut karo penolakan marang tindak korupsi. Ewadene kang nulis mulai bocah sekolah nganti penyair nasional. *Roadshow PMK* wis ngluwihi sèket kutha ing Indonesia. Program seminar, *workshop*, lan pagelaran seni dadi bukti lan asil gerakan penolakan marang kejahanatan luar biasa sing ngalami *ekskalasi* ana ing negara iki. Tanggapan positif lan kerja sama karo KPK sansaya nguatake tekad lan niat menawa korupsi kudu lunga saka negeri iki.

Nanging apa mung tekan samene? Apa puisi sing nyuaraake penolakan marang korupsi mung bisa dinikmati dening para panganggo basa nasional?

Mula aku banjur mikir kepriye yen puisi menolak korupsi uga ditulis nggunakake basa ibu, yaiku basa Jawa. Basa ibu nyatane isih dianggep penting ing masyarakat lan dienggo ana sadengah panggonan ing saben dinane, utamane ing tlatah lokal ing Indonesia. Ana ing budaya Jawa dikenal minangka istilah geguritan, yaiku puisi nganggo basa Jawa. Kanggo penulis sastra Jawa sing nulis puisi nganggep gurit minangka *genre* sastra kang cocok kanggo ngungkapake saka grenengan nganti pasemon marang kahanan kasebut. Uga bisa digunakake kanggo ngungkapake pesen-pesen

filosofi. Lan aja lali idep-idep melu nguri-uri sastra Jawi.

Sawetara kuwi, para panggurit kang nyumbang karyané ana ing antologi iki sebagian kalebu penyair sing wus biasa nulis nganggo basa nasional. Nanging, amarga “panggilan nurani” lan duwe pepinginan ngreksa basa ibu, mula uga nyuksesake gerakan nolak korupsi, banjur dheweke uga nulis puisi basa Jawa. Antarane ana penyair asli wong Jawa nanging wus manggon ing Jakarta. Sawetara uga minangka wakil subkultur kanthi ciri khase, kayata Aming Aminuddin kanthi gaya jawa Timuran, Agustav Triono kanthi gaya Banyumasan. Ana uga penyair wanita sing wus nikah dudu karo pria Jawa nanging isih pengin nguri-nguri budaya Jawa, yaiku Julia Daniel Kotan.

Kenapa irah-irahan antologi geguritan iki aran Dhemit Nguntal Dhuwit? Dhemit iku aran liya saka setan utawa lelembut. Luwih saka iku, laku dedhemitan asring digunakake marang tindakan sesidheman, yaiku meneng-menengan. Ora ana siji wong kang weruh. Korupsi itu umume dilakoni kanthi sesidheman alias nglimpeka ke liyan uga aja nganti ana sing weruh lan oleh-olehane rupa dhuwit kang panas utawa haram.

Apresiasi lan atur panuwun dumateng para penyair kang wus nyumbang geguritan kanggo ngisi antologi iki. Sanadyan iki mung antologi sederhana muga bisa paring sumbangsih marang gerakan Puisi Menolak Korupsi ing Indonesia.

Nunggal ati, nolak korupsi!

Semarang, Juli 2018

Kurator  
**Heru Mugiarso**

# **Daftar Isi**

Atur Pambagya.....iii

## **AGUS PRAMONO**

|                                  |   |
|----------------------------------|---|
| Nalika Korupsu Dudu Aib.....     | 3 |
| Lelagu Ironi Para Koruptor ..... | 5 |
| Aja Mandeng Foto Ibumu.....      | 7 |

## **AMING AMINOEDHIN**

|                          |    |
|--------------------------|----|
| Elinga Tembe Mburi ..... | 11 |
| Sapa Dadi Dhalange ..... | 13 |
| Omongan Sapi .....       | 14 |
| Tembe Mburi.....         | 16 |

## **AGUSTAV TRIONO**

|                                    |    |
|------------------------------------|----|
| KO...RUP...TOR.....                | 19 |
| Neng Tumetese Banyu Udan.....      | 20 |
| Crita Negeriku.....                | 22 |
| Njur Apa Sing Arep Tek Gurit?..... | 23 |

## **DENIS HILMAWATI**

|                              |    |
|------------------------------|----|
| Ngunduh Wohing Pakarti.....  | 27 |
| Saiki Musim Apa? .....       | 28 |
| Kriwikan Dadi Grojogan ..... | 29 |

**ELY WIDAYATI**

|                       |    |
|-----------------------|----|
| Luhku Netes.....      | 33 |
| Larasen Urip Iki..... | 35 |
| Batinku Nangis.....   | 37 |
| Nalika.....           | 39 |

**H. M. SASTRODIKROMO**

|                                |    |
|--------------------------------|----|
| Gurit Tolak Balak Rasuah ..... | 43 |
| Dongeng Iwak ing Segara.....   | 45 |
| Dhemit Nguntal Dhuwit.....     | 46 |
| Gesang Ingkang Barokah.....    | 47 |

**JULIA DANIEL KOTAN**

|  |    |
|--|----|
| Bathos Rencang Bupati Ingkang Korupsi..... | 51 |
| Mafia Dadi Raja .....                      | 53 |
| Bocah Cilik Pingin Dadi Koruptor .....     | 55 |

**RINI TRI PUSPOHARDINI**

|                  |    |
|------------------|----|
| Ratu Julig ..... | 59 |
| Koruptor .....   | 61 |

**SUS S HARDJONO**

|                                |    |
|--------------------------------|----|
| Zamane Wis Bubrah .....        | 65 |
| Sang Duratmaka.....            | 67 |
| Para Durjana .....             | 69 |
| Urip Mung Mampir Korupsi ..... | 71 |

**AGUS PRAMONO**

## **Nalika Korupsi Dudu Aib**

iki pancer negeri cuilan surga  
meh apa wae isa  
dadi tambang  
; alame, alase, hukume  
rakyate, pejabate  
sing paling penting, hahaha  
padha ngertine

ibarat kaya raja mabuk  
sumpah jabatan sing mbiyen  
diomongna. jarene mung ukara  
diwaca uga mung diluk  
yen saiki wis lali  
jenenge ya wong lali, yaopo

didakwa korupsi, mung ngakak  
apa buktine, jarene  
praduga ora salah, diplintir  
pengacara sing paling larang, disewa  
dibayar larang tapi gratis  
nggawe duwit  
hasil korupsine

begundhale, dikumpulna  
siap dadi pager gawe dheweke  
ubah hukume, yen perlu  
ganti, buyarna lembaga  
antirasuah

jeblosna nang bui  
sing mbuka aib

yen terbukti dadi terdakwa  
ah, sepurane wahai rakyat sing pemurah  
iku kabeh mung  
khilaf

*Mojokerto, 30032017*

## Lelagu Ironi Para Koruptor

ing sawijine waktu  
ana kaum kaya priyayi  
klimis, necis sing mbiyen tau  
dadi harapan bangsa  
tapi nalika dadi raja cilik  
nduwe panggonan  
empuk, keblinger  
berangasan berubah  
kongkalikong  
bolak-balik kongkalikong dadi  
penggarong lan harapan bangsat

rakyat kuwi mung ukara, tembung  
obyek eksplorasi lan eksplotasi  
deweke maca rakyat – ora ana liyane  
mung nggolek  
bahan nggawe lelucon  
ing sak antarane

wis, ngguyu wae sing kemekel  
aja lali  
karo nyekel weteng

ing panggonanku mbiyen  
wong mabuk gegarane  
oplosan alkohol lan alkepayang  
dheweke malah nggawe modhel sing luwih anyar  
mabuk gegarane  
oplosan duwit karo jabatan!

aku ora perlu mbengok kenceng  
utawa nyanyi balada  
bab kisah ironi para koruptor  
akibat keropose  
fungsi otak lan ati  
kuping mata  
sing ora fungsi sak mestine

*Mojokerto, 26032017*

## Aja Mandeng Foto Ibumu

Ana ibu sepuh nduwe  
gurat alus jutaan cerita  
ing keriput wajahe

tangi ing tengah wengi  
maeng awan kaya disamber blede  
mari kewaca kaca ngarep  
koran, ana gambar anake jelas  
nggegles, mesem

judule uga kewaca  
“terduga nilap uang rakyat”  
cacahe ketok waduh  
angel dipercaya

apa iku, iku tah nyatane  
pirang tahun ora ngabari  
kabeh diwakili karo dhuwit, dhuwit, dhuwit  
tapi dhuwitmu  
kok panas!

kangen si ibu wis kadhung teyeng  
kalut sing ngelarani  
; tambah ngelambrak

kaya morat-marit isi dunya  
ati wong tuwa sing kelu tambah akut  
banyu wudlu kecampur luh  
sing mili  
ajur remuk khusyuk si ibu

rumangsa dusa, gagal ndidik  
getun sing mbongkot  
nyubles relung ulu batin

masiya dudu hasil didikane  
tapi kedadean!

angel dipikir  
kadohan ndik njaba  
wates pikire  
ora kuat mbendung banjir  
; luh

wis pedhot salah sawiji  
pahala abadi  
saka anak sing ngabekti

*Mojokerto, 21032017*